

8 FASON POU PATAJE WOUT LAN ANSANM AK BISIKLÈT YO

Nan Massachusetts, bisiklèt ak chofè yo gen menm dwa ak responsabiltè lè yo sou menm wout. ¹ Men moun ki sou bisiklèt yo toujou nan sityasyon ki gen danje paske chofè yo ap fè erè yo te kapab evite. Itilize pi bon mwayen sa yo pou w ede tout moun k ap itilize wout yo santi yo an sekirite.



1 Suiv kòd wout lan epi pa kite w distrè.

Koudui nan limit vitès lan epi ede moun ki sou bisiklèt yo konnen ki kote w ap vire gras ak limyè siyal ou yo. Lè w kondui pi dousman sa redwi dega yo si genyen yon aksidanepi kapab sove lavi moun.



2 Kondui avèk respè.

Kontwole sa w ap fè a epi gen pasyans. Lè w gen konpòtman agresif tankou rele oswa plede klaksonnen sa nuizib epi li mete sekirite moun ki sou bisiklèt lan an danje.



3 Kite espas pou moun ki gen bisiklèt yo sou wout lan.

Chofè yo dwe kite yon espas twa (3) pye oswa plis lè y ap double yon moun ki sou bisiklèt.² Ou dwe travèse liy ki an ti pwèn yo sèlman lè w wè li san danje pou w fè sa.



4 Evite kolizyon yo nan kafou yo

Nan yon kafou, moun ki sou bisiklèt yo genyen menm "dwa pasaj" ak chofè machin yo. Si w ap vire adwat, verifye retwovizè w yo ansanm ak ang mò yo, si w gen posibiltè a, pran vwa sikilasyon ki pi pre twotwa a. Si w ap vire agoch, bay moun ki sou bisiklèt yo chans pou pase nan kafou an avan.



5 Fè atansyon nan rantre yo.

Bisiklèt ansanm ak machin se sou twotwa yo frape ansanm pi souvan. Verifye nan toude bò yo lè w ap sòti nan rantre, sitou si gen yon lekòl ki toupre a.



6 Prewwa pwoblèm ki ka gen sou wout lan.

Moun ki sou bisiklèt yo kapab gen bezwen evite yon twou oswa fatra. Kite espas, epi si w oblije double, fè sa dousman pou evite frape ak yo. Kondui dousman lè w rive nan ma dlo yo pou w pa mouye yo.



7 Evite "bare" moun sou bisiklèt yo ak pòt yo.

Premyeman, verifye retwovizè dèyò yo ansanm ak sa ki anndan machin lan pou wè si pa gen moun k ap pase sou bisiklèt. Aprè sa sòti pandan w ap gade dèyè epi louvri pòt lan ansanm ak lòt men ki pa pre pòt lan.³ Yo rele teknik sa a "Dutch Reach."



8 Pa rete ap gade nan telefòn ou.

Lwa Massachusetts yo entèdi chofè yo itilize aparèy elektwonik. Si w gen yon apèl ijans, ou dwe mete kò ou sou kote epi pake machin ou an, oswa mete kas oswa bluetooth konsa ou kapab itilize toude men ou yo pou kondwi machin ou an.



SEKIRITE MOUN KI SOU BISIKLÈT YO SE YON PRIYORITE LEKÒL LAN.

Yo ankouraje elèv ak fanmi yo fè ale retou sou bisiklèt pou ale lekòl lan. Fè pati pa ou an pou kreye yon anviwònman ki gen sekirite pou trajè yo, epi kenbe règ sekirite ak prekosyon yo ni anndan ak deyò lekòl lan.



Safe Routes to School (SRTS) se yon pwogram Depatman Transpò Massachusetts mete sou pye. Pwogram SRTS yo gen pou objektif pou ogmante pratik mach ak bisiklèt san danje nan mitan elèv elementè ak segondè yo pandan y ap itilize yon metòd kolaborasyon, ki baze sou kominote a ki fè liyen ant sante ak sèvis transpò. [Pou jwenn plis enfòmasyon: www.mass.gov/safe-routes-to-school](http://www.mass.gov/safe-routes-to-school)

¹ Konsilte yon rezime Lwa sou Bisiklèt Massachusetts: <https://www.massbike.org/laws>

² Konsilte Lwa Jeneral Commonwealth Massachusetts yo: **Chapit 89, Seksyon 2**


³ Konsilte Lwa Jeneral Commonwealth Massachusetts yo: **Chapit 90, Seksyon 14**

Konnen epi Respekte Baliz sa yo, Pano ak Syalizasyon yo mete pou Bisiklèt yo

Massachusetts genyen plizyè baliz, pano, syalizasyon pou idantifye kote bisiklèt kapab pase. Men kèk ladan yo ou kapab rankontre.

Flèch pou bisiklèt (Sharrows)

Baliz Vwa ki Pataje yo, oswa "sharrows" idantifye yon wout ki pataje ansanm ak direksyon trajè a. Kondui ak prekosyon epi rete tann yon gwo kantite moun k ap itilize bisiklèt—anpil fwa ki pran tout wout lan pou yo.



Wout pou Bisiklèt/Bis

Gen kèk vil ak komin ki bay moun ki sou bisiklèt yo otorizasyon pase nan menm wout ak bis yo, anpil fwa yo make ak penti wouj.



Kazyè pou Bisiklèt

Mak vèt sa nan kafou an pèmèt moun ki sou bisiklèt yo kanpe epi rete tann limyè vèt pou yo pase. Pafwa, sa a se pou ede yon moun ki sou bisiklèt vire agoch san danje nan yon kafou. Lè yo rive nan yon limyè wouj, chofè yo dwe kanpe epi rete tann dèyè kazyè vèt sa yo ki pou bisiklèt yo.




Syalizasyon ak men

Si li san danje pou fè sa, moun ki sou bisiklèt yo kapab bay siyal lan lè yo bezwen vire oswa kanpe. Sa a reprezante sityasyon ki gen dèyè a.




Syalizasyon pou Bisiklèt

Sa yo se limyè apa yo kreye espesyalman pou vitès ak kantite moun k ap itilize bisiklèt yo sa k ap pèmèt yon pi bon sikilasyon fèt nan kafou yo. Jeneralman yo itilize yo ansanm ak vwa pou bisiklèt separe oswa sou wout moun ki gen bisiklèt itilize anpil yo.




Pano Syalizasyon Wout Pataje

Lwa Massachusetts lan otorize moun ki sou bisiklèt yo woule nan tout vwa yo, kidonk tout vwa yo jeneralman se vwa ki pataje yo ye. Sèl eksepsyon ki genyen se sèlman kote bisiklèt pa gen dwa woule yo, tankou sou otowout yo (expressways).



Vwa pou Pakin (adwat)

Ni moun ki sou bisiklèt ak moto yo gen menm dwa pou itilize vwa adwat lan. Tandiske moun ki sou moto yo kapab franchi vwa adwat lan sèlman si y ap vire adwat, yon moun ki sou bisiklèt kapab itilize vwa adwat lan pou li fè tout trajè a.



Vwa Pwoteje pou Bisiklèt

Zòn trajè sa a se pou moun ki sou bisiklèt li rezève ki separe ak res sikilasyon an gras ak twotwa yo, separètè yo, machin ki pakin, ak lòt eleman.

Li ilegal pou kondui oswa pakin nan vwa pou bisiklèt yo kèlkeswa kategori an.



Ki Dwa Moun ki sou Bisiklèt yo Genyen?

Nan Massachusetts, yo konsidere bisiklèt tankou machin. Moun ki sou bisiklèt yo gendwa pou rete sou wout lan.⁴ Nan pifò ka nan Massachusetts, moun ki sou bisiklèt yo kapab:



- ✔ Pataje menm vwa ak chofè yo.
- ✔ Itilize tout vwa a nèt.
- ✔ Double machin sou bò dwat.
- ✔ Woule sou kote ak yon lòt moun ki sou bisiklèt nan kèk wout.
- ✔ Itilize men ou yo pou bay siyal sou ki bò w ap vire oswa si w ap kanpe. Ou pa dwe fè mouvman an san kanpe oswa si w bezwen toude men ou yo pou w kapab kondui bisiklèt lan.
- ✔ Pa itilize vwa pou bisiklèt yo, wout adwat yo, oswa lòt estrikti yo fè pou bisiklèt lè pa gen sekirite pou fè sa.
- ✔ Woule sou twotwa yo pou rezon sekirite sou bisiklèt lè w pa nan sektè komèsyal yo. Sepandan, gen kèk kominote ou pa kapab woule sou twotwa yo.

⁴ Konsilte Lwa Jeneral Commonwealth Massachusetts yo: **Chapit 85, Seksyon 11B**